

Dem expect say make person pay for di **ticket** if na specialist doctor way sabi di kain sickness way di person get come treat am. For all dis cases way follow, person **fit no pay di money**: person way im bodi no complete or way im head no correct well-well, sickness way don tay and way dey make person sidon for one place, di kain money way family dey make way no reach certain amount or certain age limits; for Lombardia dem no dey make pikins way dem age nefer reach 14 years pay di ticket, and di money way person dey make no dey matta in dis kain case.

Foreign citizens way no get residence permit dem get right for urgent or essential outpatient and hospital care, and dat bi say di medical care way fit endanget di life or health of di person in di short or long term. Oder services dem also dey guaranteed: protection for wen person get belle and for maternity, pikin health, vaccinations, treatment way no go allow person get yamma-yamma disease, diagnosis and treatment for diseases way oder people fit catch. Dem no allow di healthcare staff make dem do any kain reporting to authorities as per say person no get residence permit: di truth bi say dem consider say person health dey more important dan make di person no obey immigration law (reporting dey possible only wen im dey compulsory make dem give medical report). Di first taim wen una go use healthcare service, dem go give una one kain region STF code (Temporarily Present Foreigner) way dem recognize throughout di national territory. Di STF code dey valid for 6 months and una fit renew am. In case di person no get money way dey enuf, di person must to sign wetin dem dey call self-certification so dat im go fit get di service free.

Foreign citizens way get regular residence permit plus di people way depend on dem dey get equal treatment, equal rights and equality way full way go make dem dey get health care services, wen person compare dem to Italian citizens. If una wan get di service, una go need register with dem National Health Service (NHS) way dey for ASL (Local Health Authority) for di district, where dem go give una medical card way go make una fit get di service. Wetin dem write for di card go last reach di same date way dey on top una residence permit and una go pay some money once every year. Dis contribution dey necessary wen una nefer make any declaration say una dey work to get money and una don pay any related taxes for Italy.

For Italy, bodi way dey kampe na right way dem sabi well and way dem wan make all person dem get, and dem no care weda dem bi man or woman, wetin bi di colour of dem bodi, which kain language dem dey speak, weda dem bi christian, muslim abi somtin way diffren, wetin dem tink about politics, how dem bi for dem life abi for dem area. People way commot go yonda way come from obodo way no bi Europe fit dey sure say dem go get savis way go make dem bodi dey kampe, and e no matta if una no bi citizen for Italy or if una no get paper way correct for live for di obodo oyinbo. But sha, diffren-diffren levels dey for di kain right way go make person dey get dis kain savis and na di level way dis person way come from yonda dey dem go take know:

Bodi way dey kampe na una Right



Photo: Jennifer Huxia/Actionaid | Ewanine, 25, East Pokot, Kenya, pictured with her daughter Mercy

Una health, una rights

Savis dem way dey make di Bodi of Women way commot go yonda, way wan bon Pikin, to dey Kampe for Milano

AFTER - Against FGM/C Through Empowerment and Rejection Project - JUS/ST/2014/RDAP/AG/HARM/8001 Programme of the European Union. The contents of this Factsheet are the sole responsibility of ActionAid International Italia Onlus and the project partners and can in no way be taken to reflect the views of the European Commission.

As di number of person way commot for oda obodo come Italy dey increase, **savis dem way dem put down for make di bodi of women way commot for dem obodo to dey kampe** ddon dey popular. Wetin dem wan do bi say make dem make am easy for mama and pikin dem from diffren-diffren obodo to get savis way go make dem bodi dey kampe, **as dem know say e get diffren-diffren kain language and culture**. For dis centers dem, dem dey train workers how dem go help women way commot for dem obodo come yonda - plus di kain things way consain tradition. Dem get di kain experts way sabi diffren-diffren culture for di centers.

Places dem dey also offer language savis. Dem dey do. Dem get clinics for diffren-diffren districts for Milan, and 13 for dis kain meletin. Di savis na free, except di kain services way special doctor for women **again**. To get counselling dey free and dem no need tell una say make una go **from sex, and wen woman don reach di age wen she no go see im period swell-swell for inside bodi, yamma yamma disease way person dey get commot pikin way dey belle if im wan do so, how dem dey prevent one kain no go get belle, care for person after im don bon pikin, how person fit Dem dey give diffren-diffren savis, way include dose kain way consai how person small pikin dem go dey kampe.**

For savis dem way dey make di bodi of women dey kampe wen dem wan bon pikin set, dem get **family counseling clinics** dis na public savis way dey for everyone so dat di bodi and mind of women, couples, pikins way go soon reach adult and

anoda obodo - go get di kain care way go make dem bodi dey kampe. As im bi, Di law for Italy make am sure say every woman - Italian or di ones way come from paper for live for di obodo oyinbo for hand.

Bodi way dey kampe for Women dem

People way dey look for asylum, or people way dey look for a place for yonda **where dem go dey safe**, fit no pay di ticket until six months don pass after dem submit di application. Then, for make dem find work, dem fit regista for di National Health Service dem; if dem no get job, dem fit apply say make dem allow dem make dem no pay, if dem meet di necessary requirements (dey make money way no reach certain amount).

Savis way person fit run go meet for Milano

PLACE WHERE DEM DEY HELEP MAKE DI BODI OF WOMEN WEY COME FROM ODA OBODO AND DAT OF DEM PIKIN TO DEY KAMPE AND WHERE DEM DEY HEAR WETIN DEM WAN TALK
Dose way dey manage di centre bi di San Paolo hospital, San Carlo Borromeo hospital and di Crinali Cooperative, di NGO way dey train, dey do research, and dey work for make women gree among demself. Di savis dey helep women way come from oda obodo in matta way consain how dem bodi go dey kampe wen dem wan bon pikin, way bi say, wen dem get belle, wen dem wan commot pikin way dey dem belle, wen dem wan commot wetin person dey use get pikin way dey dem bodi, problem way consain women wen dem wan bon pikin plus di problem of di pikin self, and also give pikin dem di kain care way dem need bifor dem reach di age of one. Di center sef get experts way sabi diffren-diffren culture and language of diffren-diffren obodo dem.

San Paolo Hospital
Via Antonio di Rudini, 8 - Milano
Hospital room n. 15, floor 2°, block D
Phone Number: **02/89181040**

Hours:
Tuesday from 9.00am go reach 1.00pm
Thursday from 1.30pm go reach 5.30pm
Friday from 9.00am go reach 1.00pm

San Carlo Hospital
Via Pio II, 3 - Milano
floor 3° B
Phone Number: **02/40222486**

Hours:
Monday from 9.00am go reach 1.00pm
Tuesday from 1.30pm go reach 5.30pm
Thursday from 9.00am go reach 1.00pm

SVS-D: RUSH-RUSH CARE WEN DEM TAKE SEX INJURE PERSON AND WEN HUSBAND OR WIFE INJURE PERSON
Since 1996, for di Mangiagalli Clinic, di center way dey fight di case wen dem take sex injure person and wen husband or wife injure person, don dey provide health care, legal, medical and psychological helep and social support for people way dey under sexual and domestic violence.
Mangiagalli Clinic - Via Commenda, 12 - Milano - **24 hours/per day**, 365 days/per year
Tel. **02/5503 2489** (people way dem take sex injure) - Tel. **02/5503 8585** (people way dem husband or wife injure)

FAMILY COUNSELING CLINICS WEY DEY OFFER SAVIS WEY CONSAIN LANGUAGE AND CULTURE:

Arabic language:
Via Conca del Naviglio, 45
tel. 02 85788121
Via Cherasco, 75 - tel. 02 85788235
Via Brivio, 2 - tel. 02 85788233
Via Aldini, 72 - tel. 02 85788236
Via Remo La Valle, 7 - tel. 02 85788530

Chinese language:
Largo De Benedetti, 2 - tel. 02 85788232
Via Castelvetro, 28 - tel. 02 85788237
Via S. Erlembardo, 4 - tel. 02 85788439

Spanish language:
C.so Italia, 52 - tel. 02 85788119
Via Ricordi, 1 - tel. 02 85788348
Piazza Stovani, 3 - tel. 02 85788532
Via Della Ferrera, 14 - tel. 02 85788534

Albanian language:
Via Val di Bondo, 11 - tel. 02 85788234

Tagalog language:
Via Conca del Naviglio, 45
tel. 02 85788121

Other language: upon request

AFTER is a Project co-funded by the Rights, Equality and Citizenship (REC) Programme of the European Union. For more information, please visit our website: afterwomen.eu or contact us: EUProjects.ita@actionaid.org.



Photo: Vaid Sakshin/ActionAid




Photo: Amrizzaman/ActionAid



Photo: Jake Lyell/Shoot the Earth/ActionAid



Photo: Lianne Milton/Paros/ActionAid



YOUR HEALTH, YOUR RIGHTS

AFTER - Against FGM/C Through Empowerment and Rejection Project